

DWA W KONMANSE LAKAY OU
PWOTEJE TET OU
OUMENM K AP TRAVAY LAKA MOUN

DWA W KONMANSE
LAKAY OU
PWOTEJE TET OU
OUMENM
K AP TRAVAY LAKA MOUN

Chaumtoli Huq
and Amelia Toledo
Asian American
Legal Defense and
Education Fund
99 Hudson St. 12th floor
New York, NY 10013
Tel (212) 966-5932
Fax (212) 966-4303

Naomi Zauderer
and Monika Batra
National Employment
Law Project
55 John St. 7th floor
New York, NY 10038
Tel: (212) 285-3025
Fax (212) 285-3044

Defans Legal ak Fon pou Edikasyon Azyatik-Ameriken (AALDEF) fèt an 1974. Se pi gwo oganizasyon dwa civil k ap defann kominote Aziatik-Ameriken an, nan Nouyòk. Oganizasyon an al nan tribinal, li diskite pou moun, li fè edikasyon kominotè sou sijè tankou dwa vote, dwa imigran, britalite lapolis, vyolans kont Azyatik, dwa pou moun pale lang yo, ak dwa travayè.

The National Employment Law Project (NELP) diskite anpil pou travayè ki pa touche gwo, pou moun pòv, ak moun ki nan chomaj. Plizye sijè tout moun konnen konèkte travay NELP. Tèleka fè lwa travay benefisye tout travayè; ede travayè òganize, epi bati alyans ak gwoup k ap vote; travay ak travayè k ap touche tikras kòb; ede travayè konèkte ak djòb yo, ak tout benefis ki nan yo; pouse plis lwa travay pou fasilite travayè rive ba tèt yo ak fanmi yo sa yo bezwen nan yon tan-di kote ekonomi an ap chanje tout tan.

Chapo Ba

Pou ti liv sa a parèt, moun te mache bouske enfòmasyon kay anpil òganizasyon. Nou ta renmen remèsye òganizasyon sa yo nou pral di la yo, pou kite yo kite nou sèvi ak materyèl yo te genyen. N ap remèsye Andolan, The Brooklyn Low Income Taxpayer Clinic, CAAV'S Women Workers Project, Campaign for Migrant Domestic Workers Rights at the Institute for Policy Studies, Coalition for Humane Immigrants Rights of Los Angeles, Filipino Civil Rights Advocates-NY, NOW Legal Defense and Education Fund, Shared Communities, The Women's Law Project of the Legal Assistance Foundation of Chicago, Women's Rights at Work, and Workers Awaaz.

Anplis, nou gen la rekonesans pou Andolan, CAAV's Women Workers Project, the Filipino Workers Center, ak Workers Awaaz pou gade yo te gade ti liv sa a pou nou, dekwa pou yo te ka ban nou opinion yo nou te bezwen, anvan nou te mete l deyò

Ti liv sa a te parèt tou grenmesi yon bous (grant) Asian American Federation of New York te ban nou.

May 2001

CHAPIT TI LIV LA

Pou konmanse

Chimen pou Moun k ap Chache Travay

Entèvyou ak Moun K Ap Bay Travay La

Sa w Dwe Gen-Ekri nan Men w

Kijan M Ka Pwoteje Tet Mwen Nan Travay La

Premye Jou Ou Touche

Dwa Moun K ap Travay Nan Kay

Pwoblèm Imigrasyon Nan Travay

Aprè Ou Fin Konmanse Travay:

Me Jan W Ka Reponn Kesyon

Mèt Kay la.

Kisa M ap Fè Si

Degi

- A. Kontra Travay Paspatou pou Travay Kay
 - B. Egzanp Let Konfimasyon
 - C. Lwa Travay Federal ak Eta a
 - D. Resous Nan Gouvènman
 - E. Resous Kominotè
1. Oganizasyon Ki Nan Kominote yo
 2. Asistans Legal ak Reprezantasyon

POU KONMANSE

Anpil fwa travay nan kay fèt an grenn-senk. Moun k ap travay nan kay pa jwenn lòt moun nan travay la ki ka ede yo: ni defann tèt yo, ni konn jan pou yo reklame dwa yo. Anpil nan yo se moun-vini ki pa konn twòp bagay pase sa nan lwa pey' isit. Gen nan yo ki pa gen rezidans oswa lòt papye legal yo ta bezwen; lò konsa, kè yo toujou sote, yo toujou pè pou Imigrasyon pa depòte yo.

Ti liv sa a fèt pou ede moun-k-ap-travay-nan-kay konn sèvi ak lwa-travay pou pwoteje tèt yo. Se vre lalwa pa vle di yon garanti pou travayè genyen tout dwa li dwe genyen; men lalwa ba yo kèk pwotèjman, menmsi yo pa ta gen papye.

Anplis lalwa pa menm nan tout eta yo, Gen nan eta yo ki ba travayè a plis dwa pase lòt. Ti liv sa a souche sou lwa Nouyòk. Lajan liv la rapòte yo peye pou travay-nan-kay, anjeneral se pou travay andedan vil Nouyòk

Malgre sa lwa yo manke, òganizasyon kominotè yo nan Nouyòk ak lòt kote degaje yo kole-pyese pou fè moun k ap travay nan kay jwenn tout proteksyon yo ka jwenn. Se nan fè moun k ap travay nan kay jwenn dwa yo, defann dwa yo, ak nan òganize pou yo pa pilonnen yo nan travay sa yo, n ap ka rive fè tout moun-k-ap-travay-nan-kay jwenn pi bon kondisyon travay.

Si yo pa swiv lalwa nan yon peyi, se tankou w te g on chen san dan lakay ou. Premye gran demach ki pou fè travayè vin pran konsyans pisans li ak dwa li, se edikasyon. Yon ti liv kon sila ki anba je w la a, se premye-pa-edikasyon ki pou vin mete konsyans sa a nan nanm moun k ap fè travay nan kay.

CHIMEN

POU MOUN K AP CHACHE TRAVAY SWIV

POU KONMANSE

Premye bagay pou fè si w vle travay nan kay, se oswa kontakte yon ajans travay, oswa sèvi ak reklam ki nan jounal, oswa kontakte zanmi ki konnen. Paragraf sa yo ou pral li a, ap di w sa yon entèvyou ye, ak sa pou konnen lè w ap chache travay.

SEVI AK REKLAM JOUNAL

Lè w rele, moun k ap bay travay la ap annik vle rete yon randevou ak ou. Afè rete pale nan telefòn nan pa enterese l.

Me sa pou sonje fè lè se nan filyè reklam w ap chache travay:

- ◆ Ou ka mande pou moun k ap bay travay la peye vwayaj ou pou rive nan entevyou a, epi tounen lakay ou.
- ◆ Ou dwe koupe fèy reklam lan epi sere l.
- ◆ Di yon moun lakay ou, oswa yon zanmi w kote entèvyou a ap fèt, kilè w aprale nan entèvyou a, ki lè ou kwè w ap tounen. Sa k ta pi bon an menm se jwenn yon moun ale ak ou.
- ◆ Pote yon ti kanè ak on plim pou pran nèt.

AJANS TRAVAY

Ajans travay yo gen lis moun k ap bay travay-kay nan men yo. Yo touche yon kòb yo rele komisyon pou chak grenn moun yo fè jwenn travay. Si w ap chache travay, eseye jwenn yonn ki p ap fè w peye oumenm. Si w pa ka jwenn yonn se pou chache konnen sa w jwenn nan p ap fò w peye plis pase sa lalwa pèmèt li mande w la. (Nan degi liv la w a jwenn enfòmasyon sou sa lwa Eta yo, oswa Federal la di.)

Me sa pou pote

- ◆ Yon ti kanè pou ekri swa sa moun ki reprezante ajans lan pwomèt ou, swa sa l te di w.
- ◆ Yon egzanp kontra ak konsèy yo ba moun k ap chache travay
- ◆ Ajans lan ka mande foto ak papyè ki montre ou gen dwa travay nan peyi a. Yon foto w ta dwe ase. Si ajans lan ap ensiste pou wè yon dokiman, se wou k pou chwazi kiyès ou vle bay. Ou ka bay oswa paspò w, oswa kat sosyal ou, oswa batistè w, oswa sètifika ki montre kote w te fèt la aletranje, oswa alyenn kat ou, oswa kat rezidans yo ba w annatandan an, kat ki ba w dwa travay la, oswa dokiman refijye w. Ou pa oblije bay dokiman an limenm, ou ka bay fotokopi a.

Pandan w nan entèvyou (chita-pale) ak ajans lan, se lè sa a pou chache konnen:

1. Si ajansi a ap voye yon moun ak ou nan lòt entèvyou w ap gen pou fè ak mèt kay kote ou pral travay la.
2. Si ajans lan te chache konnen jan mèt kay la boule ak anplwaye, oswa si s on kote ou ka al travay san kè sote.
3. Kisa ki di nan kontra ajans lan siyen ak mèt kay k ap bay travay la. Mande wè kontra a.
4. Si ajans lan gen yon lis kòmantè ansyen moun ki te travay nan kay sa a, ki di pouki sa moun yo te kite travay la.
5. Si g on kontra ajans lan ap vle pou siyen. Sa siyen an vle di pou wou. Eske w ka pran kontra a pou etidye l ak tèt frèt, oswa f on zanmi etidye l ak ou.
6. Si se wou k ap touche, oswa se ajans lan k ap peye w.
7. Konbe tan oumenm k ap travay la ap gen pou pase nan travay la anvan ajans lan fin touche komisyon l lan.

8. Eske ajans lan fè moun k ap bay travay la konnen fò l peye sosyal sekirite pou wou? Eske ajans lan fè l konnen fò l peye asirans chomaj pou wou? Se pou lè w pedi travay la, si w te pase ase tan ap travay deja, ou kontinye jwenn moso nan lajan w t ap touche a? Eske ajans lan fè l konnen fò l peye konpansasyon-travayè pou wou? S on kòb yo peye kòm asirans pou tout anplwaye. Se dekwa pou si yo tonbe malad yo kontinye jwenn yon pati nan lajan yo te abitye touche a.
9. Eske ajans lan gen yon sistem pou resevwa plent moun li fè jwenn travay yo, si moun ki bay travay la ap mal boule ak yo? Tèleka, si mèt kay la pa deside peye degi-travay, sa y ap rele "ovètaym" lan, oswa si l pa ta vle bay yon jou repo nan senmenn nan? Eske nan ka konsa ajans lan p ap ede moun li bay travay yo yon lòt travay?

Pran gwo prekosyon ak

- *Ajans ki p ap kite w ale lakay ou ak kontra yo vle w siyen an oswa ki p ap vle w pran tan w li kontra sa a*
- *Ajans k ap existe se yo ki pou resevwa lajan nan men moun k ap ba w travay la, epi se yo ki pou peye w apre*
- *Ajans k ap mande pou kenbe paspò w oswa lòt dokiman w*
- *Ajans k ap mande pou touche sou lajan w ap fè, sa y ap rele komisyon an*
- *Ajans ki pa pran tan mande w sa w ka fè, sa w konn fè, anvan yo voye w al pran entèvyou nan men mèt kay yo*

ENTEVEYOU AK MOUN K AP BAY TRAVAY LA

Jan moun k ap ba w travay la trete w lè l ap pale ak ou nan entèvyou a ka ba w yon lide ki kalite moun l ye. Pou pa gen pwoblèm, pou pa nan diskisyon pi devan fòk ou poze kesyon (sa enpòtan anpil) sou touse w santi ki bezwen èsplikasyon. Se dekwa pou byen konnen nan ki travay ojis w ap rantre la a, e nan ki kondisyon.

Me ki kesyon ou ka gen pou mande.

Ou ka gen pou mande:

1. Kisa w ap gen sou rèsponsablite w? Eske w ap gen pou veye ti-bebe (babysitting) ak netwaye kay (housekeeping), oswa se oswa yonn oswalòt?
2. Si yo di s on "ti netwaye"mande plis presizyon: ki kalite, travay yo ap ye? Si w ap gen pou rete-dòmi nan kay la, sitou, fò w gade si mèl-kay-la g on lis anlagan. Li ka pa g on lis travay vre, epi piti-piti l ap ajoute, jis w ap gen pou founi degi-travay.
3. Konbe moun ki gen nan kay sa a?
4. Eske gen chyen, chat oswa lòt bèt? Eske se wou k ap gen pou okipe yo tou?
5. Eske w ka gen moun ki desann lakay la, oswa zanmi, oswa fanmi? Eske w fin fè timoun?
6. Si gen moun ki vin desann nan kay la, oswa gen lòt timoun ki vin fèt, konbe y ap peye w anplis?
7. Konbe kay w ap gen pou okipe?
8. Konbe lòt anlwaye ki gen nan kay la? ki rèsponsablite yo genyen
9. Eske w ap gen pou vwayaje ak mèl kay la, si l ap vwayaje? Si w p ap gen pou vwayaje, èske l ap aksepte peye w pandan l pa la a?
10. Eske se wou ki premye jwenn travay sa a?
11. Poukisa dènye moun nan te kite travay la? Konbe tan l te pase nan travay la?
12. Eske w ap gen jou ou pa travay nan senmenn nan?
13. A kilè jou travay mwen konmanse? A kilè l fini?
14. Kijan w ap manje? Eske y ap aksepte w pote manje w?
15. Eske y ap konmanse peye w degi-travay apre 8èdtan?
16. Eske w ap konnen davans lè w ap gen pou bay tan-degi? Konbe tan alavans?

17. Eske w ap touche si w pa travay paske w malad?
18. Konbe tan (jou) w ap touche nan vakans ou?
19. Konbe tan pou travay anvan yo ba w ogmantasyon?
20. Eske y ap peye transpòtasyon (car fare) pou wou? Si w travay ta, eske y ap peye taksi pou wou?
21. Eske y ap peye Konpansasyon (worker's compensation) pou wou?

Si w ap domi-leve:

- *Ki kote ou pral dòmi? Eske l chofe? Eske ou pral dòmi nan menm chanm ak ti-bebe a?*
 - *Kijan w ap manje? Eske y ap ba w manje?*
 - *Eske w ap ka sèvi ak telefòn nan? Eske w ap ka resevwa lèt nan adrès la?*
- Lè y ap revoke w konbe tan y ap di w sa alavans pou kite kay la?*

Me kèk move siy

- ◆ Si mèt kay la pa vle w vini ak on lòt moun nan entèvyou a
- ◆ Si l ap èskive kesyon w yo
- ◆ Si pandan l ap pale ak ou a, l ap ogmante responsablite w yo
- ◆ Si l ap fè vye kòmantè sou jan w pale angle a
- ◆ Si l pa vle pran yon desizyon sou sa w ap mande yo lamenn
- ◆ Si l ap fè kòmantè ki gen koulè rasis oswa seksis
- ◆ Si l mande w siyen yon dokiman k ap mande pou renonse dwa pou touche sa lalwa rele salè-minimòm lan, oswa dwa w genyen pou touche pou degi-travay ou founi
- ◆ Si l pa vle konmanse konte travay ou kòm degi, apre 40èdtan pa senmenn si w pa dòmi leve, oswa 44èdtan si w ap dòmi-leve
- ◆ Si l di premye senmenn travay ou, oswa menm dezyèm senmenn lanmenm ap konte kòm senmenn antrènman, kidonk ou p ap touche. Li pa legal pou yo pa peye w lè w ap travay
- ◆ Si l mande pou se paspò w, oswa grinkat ou l wè. Si l mande prèv ou gen dwa travay, se wou ki pou chwazi ki dokiman pou bay.

Bagay moun k ap ba w travay la ka mande w oswa di w nan entèvyou a

Kesyon Pèsonèl

- ◆ Ki laj ou?
- ◆ Eske w marye? Eske w gen menaj?
- ◆ Kote fanmiy ou?
- ◆ Eske w gen timoun? Eske w vle f on pitit anvan lontan?
- ◆ Moun kibò w ye?
- ◆ Eske w gen pwoblèm sante, oswa w gen okenn anpechman fizik?
- ◆ Eske w ka li angle?
- ◆ Eske w alèz pou reponn telefòn?
- ◆ Depi kilè w Ozetazini?

Pi fò kesyon sa yo ilegal. Gen de fwa moun nan k ap ba w travay la mande w yo pou l fouye w. Gen lòt fwa, se pou l konn jan pou l konnen ki-bwa-long pou l ba w kenbe, ki yon diskriminasyon.

Si w pa vle reponn yon kesyon, ou ka annik mande si kesyon an regade sa travay la mande.

Otorizasyon Travay

Eske w s on sitoyen, sa y ap rele sitizenn nan? Oswa se grinkat ou genyen? Montre m sa w genyen?

Pa janm bliye ou gen dwa pou rete bèbè, jiskaske w jwenn yon avoka, si nenpòt ki moun mande w ki papye imigrasyon w genyen. Sèl sa w bezwen montre, s on papye otorizasyon pou travay. Anplis ou pa oblije ba pèsonn dokiman w yo, yomenm. Depi w bay yon kopi, ou an règ.

Kijan pou Touche

M ap peye w kach (anba tab)

Sa ka pa nan avantaj ou ditou. Sa ka fè l pi fasil pou moun nan k ap ba w travay la èskive peye pou benefis ou yo nou te wè deja yo, tankou worker's compensation, asirans chomaj,

ak sekirite sosyal. Men si l pi fasil pou yonn, fò l pi difisil pou lòt la. L ap pi difisil pou wou, lè w ap gen pou pwouve ou gen dwa resevwa benefis sa yo.

Alòske tout travayè ka touche "worker compensation", ke yo gen papye, ke yo pa gen papye, pou sekirite sosyal ak asirans chomaj, fò w gen papye ki ba w dwa travay.

Anplis lè w touche ak chèk ou gen dosye k ap pwouve ou travay, si -ou pa janm konnen on diskisyon ki leve sou lajan yo dwe w.

Kèlkeswa jan w touche, pi fò tan lalwa ap mande w peye taks sou sa w touche, si l depase \$7,050. Si w pa gen papye pou travay, ou ka peye taks ou ak on nimewo idantifikasyon pou moun peye taks (Individual Taxpayer Identification Number, oswa ITIN). Se konsa w ap ka fè sa k bezwen swiv fil travay ou, konnen istwa w kòm moun k ap travay, ki ka menm vin ede w gen rezidans pi devan.

*Pa-egzanp, si w pa marie nan Nouyòk, ni w pa te gen timoun an 2000 lan, epi w te fè \$20, 000 dola pou ane a, san di petèt ou ka dwe Taks Federal \$1924, w ap dwe Eta Nouyòk la \$490, e w ap dwe vil Nouyòk la \$337. Anplis si s anplwaye ou ye, w ap gen pou peye sekirite sosyal ak pwogram-lasonyay (medicare) 7.65%, Si w ap travay ak tèt ou w ap gen pou peye %15,3 sa k rantre nan men w apre w fin peye tout frè pou fè biznis ou an mache.

**Pou jwenn yon ITIN, fò w aplike pou li. Pou aplike pou li, ou gen yon form ITI, IRS bay ki rele W7 pou ranpli. Pou jwenn fòm sa a, w ap annik rele 1 800 Tax Form. W ap ka ale nan Biwo IRS la ki pi pre w la, oswa al nan Konsila Meriken ki nan peyi kote w ye a. Konnyè a menm, ou ka ale nan "website" <http://www.irs.gov>. Lè w ap renmèt fòm lan, y ap mande w omwen de pyès idantite.

Chèk n ap sèvi ak li a, se X

Sa ka ede w, si w chache konnen jan lòt moun k ap fè menm travay ak ou touche. Me yon lis lajan moun abitye touche pou kèk rèsponsablite-travay. Travay ou founi oumenm ka vo plis pase sa yo peye pou li deyò a. Si w konnen sa, ou ka santi w alèz pou mande plis. Tablo sa a ka ba w yon lide sou kijan pou touche.

Me sa moun nan fè	Me mwayèn sa deyò a ofri
Yon ti moun pou okipe	\$450 oswa \$11 pou inèdtan
Netwaye kay	\$480 oswa \$12 pou inèdtan
Okip' on timoun ak on ti netwaye	\$560 oswa \$14 pou inèdtan
Okipe 2 timoun	\$600 oswa \$15 pou inèdtan
Okipe jimo	\$640 oswa \$16 pou inèdtan
Okipe 2 timoun + ti netwaye	\$680 oswa \$17 pou inèdtan
Okipe twa timoun	\$680 oswa \$17 pou inèdtan
Okipe twa timoun + tin etwaye	\$720 oswa \$18 pou inèdtan

Tanpri Konprann Byen

Lajan sa yo se yon mwayèn pa senmenn pou yon senmenn 40 èdtan (8èdtan pa jou, 5 jou pa senmenn). Se yon mache-mande-enfòmasyon (survey) CAAAV's "Women Workers Project" te fè. Se pa sa ki pi gwo lajan moun touche nan travay sa yo. Anplis, fò w pa bliye se pou yo peye w yon fwa edmi pou chak tan ou bay andegi apre 40èdtan. Anplis, se pou sonje tout travay ki mande pou okipe plis pas' on timoun epi/oswa k ap mande pou okipe timoun epi okipe kay, se travay ki kraze w, paske se travay omwen de moun.

SA W DWE GEN-EKRI NAN MEN W

Sa enpòtan pou nannan ak kondisyon travay la rete nan men w a lekri pou sèten ni wou ni moun nan ki ba w travay la konprann sa nou toulede gen nan tèt nou osijè travay la. Epi tou, yon kontra nou toulede siyen ka sèvi anpil nan tribinal. Se sa jij la pral deside sou li. Me sa kontra a oswa akò a dwe gen ladan l:

- ◆ Lè ak salè, san wete orè travay la
- ◆ Tan konje ak tan vakans
- ◆ Konbe jou ou ka pran swa pou regle koze pèsonèl ou, swa paske w ta malad, epi pou yo peye w
- ◆ Ki lasonyay y ap garanti w
- ◆ Pou konbe tan w ap gen travay la oswa konbe tan pou yo anonse w alavans ou p ap gen travay la ankò.

Degi-liv la (Appendix) gen yon modèl ladan l. Lè w ap ba moun nan k ap ba w travay la modèl kontra a, me kèk bagay ou ka di l

- ◆ Me yon egzanp akò, mèt-kay k ap anplwaye moun pou fè travay-kay sèvi ak li anpil. Li ta ka sèvi nou noumenm.
- ◆ Me yon egzanp ki montre kisa yon akò ye, pou jan travay sa a ou mande m fè pou wou a. Nou ka chanje ladan l, oswa ekri yonn noumenm. Jis gade l, epi n a ka diskite sa w pa dakò ak yo.

Si w pa ka gen yon kontra, mande moun nan k ap ba w travay la yon lèt ki pou di li anplwaye w. Se pou l siyen lèt la; men se pou l gen menm enfòmasyon yo nou sot wè la yo. Se sa ki ka sèvi w, si tribinal mete pye. (Al nan degi-liv la pou wè yon egzanp).

Si moun k ap ba w travay la ta refize ba w yon lèt konsa, ou dwe pran yon fèy-papye, ekri tousa ki te di, oumenm ak mèt kay la te dakò ak li, mete dat la sou li, epi sere papye sa a.

KIJAN M KA PWOTEJE TET MWEN NAN TRAVAY LA

- ◆ Fò w konnen tout non mèt-kay la, adrès li ak limewo telefòn ni.
- ◆ Toujou gen plizyè kopi papyè orijinal yo nan men moun ou gen konfyans yo. Si w ba mèt-kay la dokiman w, se dwa w pou remande l yo. Lalwa pa bay dwa kenbe yo.
- ◆ Pa manke kite papyè enpòtan w tankou paspò w ak lòt dokiman ofisyèl ou, tankou papyè labank ou, pa manke kite yo nan men w. Pa manke al ba mèt kay la kenbe yo pou wou, nonplis. Si l ap ensiste pou ba l yo kenbe, ba li fotokopi, kenbe orijinal yo.

Kenbe Resi

1. Lè w travay chak jou
2. Sa w gen pou fè chak jou
3. Dat pou touche ak ki salè ou touche chak senmenn
4. Resi pou tout chèk ou touche, fotokopi chèk la limenn, oswa nòt ou pran sou lajan kach ou touche
5. Non lòt anplwaye k ap travay ak ou pou menm moun nan, ak limewo telefòn yo
6. Nenpòt kisa ou pa kontan ki rive w -ekri sa k te pase a. (Eske s on bagay moun nan ki ba w travay la di w? Eske s on travay li te ba w fè?)
7. Nenpòt pwomès met-kay la fè w

Sere resi sa yo byen sere!

- ◆ Pa manke pa fè moun-ou-chwazi konnen kote w ap travay
- ◆ Si w gen kont an bank, se sèl wou ki pou ka al ladan l
- ◆ Pa manke kite lajan w ap drive, pou lòt moun ka jwenn ni; ke se labank, ke se pa labank li ye.
- ◆ Se wou k pou touche lajan w nan men.
- ◆ Li pi bon pou se wou k al depoze lajan w labank olye se mèt kay la ou kite al fè sa pou wou

- ◆ Li pi bon pou se wou ki fè transfè lajan w aletranje (nan peyi w) si se sa ou vle; tan se mèt kay la ou bay fè sa pou wou.
- ◆ Ou ka kontakte yon òganizasyon kominotè w a jwenn nan seksyon kote yo mete sous ak resous yo, pou yo ede w louvri yon kont an bank epi/oswa voye lajan w nan peyi w.

PREMYE JOU OU TOUCHE

Se Dwa w pou yo peye w ann ameriken chak senmenn. Mèt travay la ka retire nan lajan an; men se sèl kantite lalwa pèmèt li wete.

Me sa lalwa pèmèt li retire nan lajan w:

\$1.75 pou chak repa

\$2.20 pa jou pou tousa yo mete adispozisyon w

\$4.10 pa jou pou yon apatman ak gaz, elektrisite elatriye...

Lalwa pa pèmèt retire:

- Lajan pou aksidan ou fè (swa ou kase yon bagay oswa ou gate l)
- Lajan l depanse pou l vwayaje ak ou
- Lajan l depanse pou peye kompensasyon ak asirans chomaj pou wou

Travay nan fèt oswa lòt resepsyon

Yon moun w ap travay lakay li pa ka mande w, ni aksèpte an-pent ou an-penti, menm on ti zing nan lajan tep w ap fè. Menmsi w resevwa tep, ou dwe tann lajan senmenn ou vin jwenn ou jan l abitye vin jwenn ou ak tout "overtime" lan.

DWA MOUN K AP TRAVAY NAN KAY

Ke w gen papye, ke w pa gen papye, anpil lwa travay ba w pwoteksyon ke se nan nivo federal, ke se nan nivo Etat kote w ap viv la.

SALER AK LER TRAVAY

Ou gen dwa:

- ◆ \$5.15 pa èdtan pou pi piti
- ◆ pou touche pou tout tan ou travay
- ◆ pou touche ann ameriken yon fwa pa senmenn
- ◆ Yon fwa edmi valè lajan w lan pou chak tan travay ou bay anplis 40 èdtan travay regilye w (sa n ap rele degi-travay la, oswa "overtime" ann angle a). 40 èdtan an, se pou si w pa dòmi leve. Si w ap dòmi-leve, se 44 èdtan ki travay regilye w.
- ◆ Yon lòt èdtan an plis pou chak jou ou travay plis pase dizèdtan, oswa ou ta travay an de-tan nan yon menm lajounen an.

Ou pa gen pou aksepte pi piti, paske w pa ta fin gen tout papye rezidans ou

BENEFITS

Si w travay plis ke 40 èdtan pa senmenn pou menm anplwaye a, ou gen dwa resevwa yon lajan konpansasyon ki pou ranplase sa w ta pedi paske w ta blese oswa w ta fè yon aksidan pandan w ap travay, kidonk ou vin pa ka travay. Depi ou nan koondisyon pou resevwa konpansasyon, se li k ap peye lasonyay ou tou.

Si w gen tout papye w, epi lane anvan an, ou te fè omwen \$2,400 -ki vle di yon mwayèn \$123 pa senmenn- ou gen dwa al nan asirans chomaj, y ap rele Unemployment lan, si se pedi ou pedi travay la, oswa ou gen bon rezon pou kite l.

ABI AK KIKINAY (HARASSMENT)

Moun ki ba w travay pa gen dwa

- ◆ *Ni ba w kou, ni fè w mal*
- ◆ *Ni fè kadejak sou wou, oswa fòse w aksèpte*
- ◆ *Ni menm mande w pou nan kouche ak li*

Si w al depoze yon plent ou gen dwa pa reponn kesyon sou ki kalite papye ou genyen pou twouve w ap travay la menm. Sa pa nesesè pou yo aksepte plent lan w ap depoze a. Menmsi plent lan, se pou lajan w yo pa peye w, oswa lòt pwoblem tankou konpansasyon yo pa peye pou wou, oswa nenpòt kisa ki ta ka rive nan travay la.

PWOBLEM IMIGRASYON NAN TRAVAY

Se sèl Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon (INS) ki gen dwa aplike lwa imigrasyon.

Moun ki ba w travay pa gen dwa sa a.

- ◆ F antansyon pou se pa wou ankò k al bay pèsonn enfòmasyon sou kijan w ye nan peyi a ("status" ann angle) ki ka vin tounen zo pwason nan gòj ou.
- ◆ Menmsi nenpòt ki moun rete w nan lari epi mande w pou papye imigrasyon w, ou gen dwa pa pale (remain silent) jiskaske ou jwenn avoka w.

MENAS MET-TRAVAY AP FE POU DENONSE W BA INS

- ◆ Sa ilegal pou mèt-travay menase denonse w ba INS si w ap reklame dwa hlwa ba w nan travay la.
- ◆ INS gen yon regleman li swiv, li rele: "Operating Instruction". An prensip INS dwe mande moun-ki-bay-travay-la si enfòmasyon l ap mande sou ki papye ou gen nan men w lan, pral sèvi nan diskisyon travay la. Sa yo rele diskisyon travay, se diskisyon sou lajan pou yo ba w, sou lè travay ou, sou sa ki ka antrave sante w ak sekirite w, sou konpansasyon yo pa peye pou wou, ak plent ou ta pote pou diskriminasyon yo fè sou wou.
- ◆ Si INS decide se pou yo al sèvi ak enfòmasyon y ap mande l la kont dwa ou, pa g ankenn aksyon yo ka pran kont ou san Konseil Distrik INS la pa gade ka a, epi pou Asistan Dirèktè Distri a pa bay mo li, di l dakò.
- ◆ Si INS vin nan kay la, epi l tonbe sou yon diskisyon travay, fò l fè biwo ki okipe vyolasyon yo konn sa. Tèleka si w pa touche, INS oblije fè Depatman Travay Etazini an konn sa.
- ◆ Toujou sonje si mèt travay la menase denonse w ba INS, li ka gen lajan pou l peye ak /oswa penalite pou l peye pou krim, si l te anlwaye w apre 1986, epi l te konnen ou pa te gen papye. Si mèt travay la konnen tout kalite sanksyon sa yo, lwa imigrasyon sere pou li, gen plis chans pou li pa al rantre nan denonse w ba IRS.

Fo Promès Grin-Kat

- ◆ Moun ki ba w travay la ka ofri w l ap regle koze imigrasyon w pou wou. Pa annik kwè sa l di w la. Al wè yon avoka imigrasyon. (Gade Resous Kominotè, nan degi-liv la).
- ◆ Anpil fwa moun ki ba w travay la ka di w y ap kanpe dèyè w pou jwenn grin-kat ou; men sa ka pran dis a kenz an pou moun k ap travay nan kay jwenn yon dokiman konsa. Si w p ap travay ak moun sa a ankò menm, w ap gen pou rekòmanse tout demach yo ankò.

Pou moun nan k ap ba w travay la prezante w pou jwenn grin-kat, fò nou toulede siyen yon dokiman yo rele "Application for Allien Employment Certification" yon aplikasyon pou apwouve travay yon etranje. Aplikasyon sa a, y ap gen pou voye l ba Depatman Travay. Si yo pa janm mande w siyen dokiman sa a, oswa yo pa ka ba w yon kopi, g anpil chans pou se pa vre.

Viza A-3, oswa G-5

Gen de oganizasyon entènasyonal w ap travay pou ofisyèl yo, tankou Bank Mondyal, FMI, diplomat, pèsonel anbasad, e gen de fwa personèl Depatman Deta, viza y ap ba w la ap rele A-3, oswa G-5.

Se selon òganizasyon an moun w ap travay pou li a ladan l, moun sa a ka gen pou l:

- ◆ Ba w de jou lib pa senmenn
- ◆ Peye pati pa l pou sekirite sosyal ou ak taks pou lasonysay pou wou
- ◆ Peye federal ak leta kote w ap viv la, taks pou chomaj
- ◆ Achte asirans konpansasyon pou wou
- ◆ Peye "overtime" (1.5 sa y abitye peye w la) pou tout lè ou travay depase 40 èdtan nan yon senmenn
- ◆ Ba w W-2 Fòm
- ◆ Ba w avètisman a lavans (oswa peye w pou tan li te dwe avèti w la) anvan li revoke w
- ◆ Ba w bon jan tan vakans

Moun ki anplwaye w pa ka fòse w rete kelkeswa kote a pou manje. Fò li ba w dwa chwazi ant dòmni-leve e al dòmni lakay ou. Fò l ba w dwa sikile, monte-desann nan kay la. Si li ba w kote pou rete, epi se la ou manje, li ka retire \$3 pa jou pou manje a, epi \$15 pa senmenn pou lòjman an.

Moun ki anplwaye w la pa ka ni kenbe, ni konfiske paspò w, oswa dokiman idantite w.

Moun ki anplwaye w dwe kenbe yon rejis oswa yon jounal (rèkòd) lajan l peye w, taks li peye pou wou, ak lòt enfòmasyon ki regade travay w ap fè a.

Si w kwè li fè w pas-dwa, kontakte yon òganizasyon ki nan kominote a pou ba w kout men. (W ap jwenn yon lis nan degi-liv la).

**APRE W FIN KONMANSE TRAVAY: ME KI JAN OU KA REPONN
KESYON OSWA PAWOL MOUN KI ANPLWAYE W LA.**

Al gade Lwa Travay Federal ak Leta kote w ye a nan Degi-Liv la. (Appendix) la.

Si moun ki anplwaye w la di w:

Premye senmenn ou an ap rete nan men m an depo pou "sekirite"

Ou ka reponn li:

Lalwa ban m dwa touche chak senmenn. Ou pa ka kenbe lajan m pou plis pase 7jou apre tan pou m te travay la pase.

M pa gen limit nan desann lajan m gen pou m peye w. Kisa w pral ka fè si m pa peye w salè-minimòm?

Ke papyè m anfòm, ke m gen pou m ajoute sou li, lalwa ban m dwa touche pou pi-piti \$5,15 pa edtan m travay. Menmsi m siyen papyè ki di m dakò pou m touche mwenspase sa lawa bay pou minimòm lan, s atò ou p ap ka peyen m mwens ke \$5.15 pa-èdtan. Yon kontra pou peye mwens pase sa pa legal. Si w pa peye m jan w dwe a, m ka toujou al depoze yon plent pou wou nan Depatman Travay

Isit pa gen koze "overtime".

Lalwa ban m dwa touche yon fwa edmi sa m touche pa è a, chakfwa m travay depase 40 èdtan nan yon senmenn si m fè "ale-vini" e depase 44 èdtan si m "dòmi-leve". M gen dwa sa a ke m gen rezidans, ke m pa gen rezidans. Epi tou lalwa ban m dwa touche yon degi inèdtan si m travay depase 10 èdtan nan yon jou, oswa si m travay andetan.

Ou gen pou fè sa m di w fè. Pa gen lwa pou f anyen pou wou.

Ke m gen rezidans, ke m pa gen rezidans, la lwa ban m dwa pou pèsonn pa fen m abi, kèlkilanswa, san wete kontak fizik oswa sèksyèl.

Pa gen jou pou pa travay.

M gen dwa yon lajounen foul chak senmenn. Anplis sa, m gen dwa soti, pou m rankontre lòt moun, pou m al legliz, rankontre gwoup fidèl, gwoup sosyal, gwoup politik, m gen dwa pou m adore, selebre fèt relijye ak lòt fèt ak zanmi m ak fanmi m.

Se lè w fin travay pou manje

Lalwa ban m dwa manje pandan 30minit "meal time break" chak fwa m fin bay 6èdtan travay.

M pa bay asirans sante isit. Si w al pran chòk nan travay la, se wou k pral peye pou lasonyay ou.

Ke m gen rezidans, ke m pa gen rezidans, si m travay plis pase 40 èdtan pa senmenn,

- M gen dwa Workers' Compensation Insurance "pou peye bòdwo doktè ak lajan m pedi paske m pran chòk nan travay la, m pa ka travay.
- Nouyòk gen sa yo rele "Short Term Disability Benefits". Benefis pou si m tonbe malad pou yon ti bout tan, m gen dwa al touche, menmsi se pa nan travay la menm, m pran chòk la, oswa se pa travay la m ap fè a ki fen m malad.

Sonje tou nan sal dijans Lopital Leta yo pa ka refize pèsonn lasonyay.

Lè nou pral nan vakans w apral travay pou yon zanmi nou, paske n ap gen pou peye w kanmenm.

Si m dakò pou m travay pou yon zanmi w, l ap gen pou l peye m tou. Nou te dakò m ap gen pou travay mwa sa a, e ou te siyen ou t ap gen pou peye m. Desizyon ou pran pou ale nan vakans pa ba w dwa fè m al travay pou yon lòt moun san m pa vle.

KISA M AP FE SI...

Danje a pi serye

Si w santi moun ki anplwaye w la ap pase nenpòt ki dwa w anba pye, se pou...

1. Fè moun nan k anplwaye w la konnen ou konnen l ap vyole dwa ou genyen, e se pou mande l pou l fè sa l konnen pou korije sitirasyon an.
2. Ekri yon lèt pou èksplike l jan wou, ou wè sa, epi mande l f on bagay ak sa. Li ta bon si w ta bay yon delè.
3. Kontakte yon òganizasyon kominotè pou ede w negosye ak moun sa a ki ba w travay la. Si sa pa mache, pou ede w konmanse yon pwojè kont moun nan ki ba w travay la. (Degi-liv la g on lis òganizasyon kominotè ladan l)

Kisa m ap fè si moun nan ki anplwaye m lan ap fè m menas, di li pral rele INS oswa lapolis pou fè depòte m?

Menas sa yo, oswa tout lòt kalite entimidasyon kont ou, pa legal si se kòm repons pou yon plent ou pote yo vini.

Li enpòtan pou fè moun ki anplwaye w la konnen ou pa zwazo san branch, ou konn dwa w, e ou deja chache moun ki pou ede w deyò a.

Ou fèt pou di l tou se derèspèkte yon moun derèspèkte lalwa si li fè akizasyon-manti sou yon lòt moun, menmjan an tou, kenbe dokiman yon moun ilegal.

Kisa m ap fè si moun ki anplwaye m lan refize renmèt mwen paspò m, oswa lòt dokiman ki enpòtan pou mwen?

Ou ka rapòte ba lapolis yo vole zafè w, konsa tou ou ka kontakte yon òganizasyon kominotè pou ede w.

Kisa m ap fè si moun ki ban m travay la ap chachen m pou m kouche ak li, oswa l ap ban m traka pou tèt ras moun m ye a, oswa l ta vle leve men sou mwen?

1. Pale ak yon moun ou fè konfyans.
2. Monte yon jounal nan yon klasè. Mete ki dat, ki lè, ki kote, ki jès, ki kòmantè, ak tout repons ou bay. Bay tout presizyon ou kapab, epi eseye ekri evenman yo menm lè yo rive a, oswa imedyatman apre yo rive a
3. Li ilegal pou nenpòt kimoun, san wete moun nan ki anplwaye w la, pou l:
 - fòse w aksepte l manyen w, oswa pou annafè ak li
 - frape w oswa menase frape w

Lalwa konsidere bagay sa yo kòm zak kriminel. Ou ka pote plent lapolis pou sa. Men anvan w al rapòte yo, ou ka bezwen al pran kontak ak on òganizasyon kominotè pou yo ede w.

Ki dwa m genyen si moun nan ki anplwaye m lan ap fè m sa k pa sa, men se li ankò k ap ede m jwenn grin-kat mwen?

Ou ka pote yon plent kont moun nan ki anplwaye w la, menmsi se li k ap kore w pou gen grin-kat.

Lalwa pa janm pèmèt moun ki ba w travay la tire revany sou wou, si w ta pote plent pou li.

E si moun nan ki ban m travay la pa ban m tout lajan m, pa peye m alè, oswa wte lajan l pa gen dwa wete sou chèk mwen?

Ke w gen grin-kat, ke w pa gen grin-kat, ou ka pote plent nan Divizyon Standard (sa pou tout moun swiv) pou Travay nan Eta Nouyòk la, ak nan Divizyon Salè ak Lè nan Depatman di Travay Lèzetazini. Si w bezwen konkou, ou ka jwenn sa nan yon òganizasyon kominotè ki ka ede w jwenn sa yo dwe w la.

E si moun ki ban m travay la sere kamera ak tep pou anrejistre nan tout kwen kay la?

Moun ki ba w travay la gen dwa mete kamera sekre nan kay li, sòf sal de ben ak lòt chanm kote ou ka al dezabiye w.

Si l mete kamera kamera kote l pa gen dwa, ou ka di li rantr nan vi prive w. Kidonk, ou ka al pote plent kont li. Men si se tep pou anrejistre l al mete nan tout kò kay la, sa ka yon kontravansyon kont lwa federal.

APPENDIX
DEGI-LIV LA

KONTRA TRAVAY PASPATOU
POU MOUN K AP FE TRAVAY NAN KAY.

Se "Women Workers Project of CAAAV ki mete l deyò
(Al gade nan Resous Kominotè)

Si w bezwen plis detay, tanpri rele (718) 220-7391.

Me yon kontra ----- k ap anplwaye -----
ap fè ak li, jou ki -----. Selon kontra sa a

1. Anplwaye a ap rete anplwaye pou omwen ennan, e sa ap konmanse jou k ap -----
----- e l ap fini -----
2. Anplwaye a ap gen pou travay lakay mwen ki nan -----

3. Anplwaye a (ap dwe, p ap nan) rete dòmi lakay mwen.

Me konbe moun ki nan kay la, ki pou pwofite sèvis anplwaye a nòmalman e regilyèman

--- granmoun --- minè (ant 5 ak 18 an) --- timoun anbazaj --- tibebe k a gen pou fèt ---
tigranmoun

4. presizyon sou ti granmou nan (yo) k ap bezwen anpil silveyans lan-----

5. Si s on travay nèt-ale (full-time) pou gade tibebe (babysitter oswa nanny) travay la gen ladan l:
 - a) Pran swen tibebe/timoun
 - b) Benyen yo
 - c) Ba yo dejene, dinen, soupe
 - d) Netwaye ti moun lè sa bezwen
 - e) Kenbe kote pou timoun/bebe a viv annòd
 - f) Fè aranjman pou mennen timoun nan al jwe ak nan lòt aktivite. PA GEN
AJOUTE

6. Si s on travay nèt ale pou kenbe kay, travay la gen ladan l, e pa gen ajoute:
 - a) travay-kay anjeneral: pouste, bale, pase aspiratè (vacuum), pase twal mouye (mop), netwaye sal de ben ak kizin, lave-pase, ak ranje kabann
7. Yon jounen travay nòmral, se 8èdtan pa jou. Anplwaye a ap touche yon fwa edmi pou chak èdtan, oswa moso èdtan li travay-degi
8. Anplwaye a pa ka al gen lòt travay ni moun nan ki ba l travay la pa ka mande al travay ak okenn lòt moun
9. Mèt travay la ap peye anplwaye a ----- pa senmenn, travay-degi pa ladan.
10. Anplwaye a ap touche chak senmenn chak ----- (di ki jou nan senmenn nan)
11. Mèt travay la ap gen pou peye yon penalite ----- pou chak jou li peye anreta.
12. Mèt travay la ap gen pou bay yon resi pou montre l peye lajan senmenn nan, lajan manje; anplwaye a limenn gen pou di li resevwa lajan sa yo ak siyati l anba resi a.
13. Anplwaye a gen dwa gen inèdtan repo (break) chak jou.
14. Pou moun k ap fè domi-leve, mèt kay la ap gen pou bay yon chanm fètèfouni, manje gratis, oswa -----, lajan pou manje, si l pa vle bay manje a. Anplwaye a dwe ka fè kout telefòn lokal gratis, e l ap gen dwa resevwa lèt nan adrès la. Si mèt travay la pa vle sa, l ap gen pou peye yon lòt liy telefòn prive ak on bwat pòstal (P.O. Box) pou li.
15. Pou anplwaye k ap dòmi-leve a, lè travay li ap ant ----- ak ----- Li dwe pou l santi l anprive, lakay li, lè se pa lè travay li.
16. Anplwaye a ap gen pou peye asirans lasonyay pou anplwaye a. Oswa depi anplwaye a malad oswa l pran chòk, ke se akòz travay la, ke se pa akòz travay la, se ap sou kont mèt travay la. Sa vle di l ap gen pou peye ata pou jou anplwaye a pase lopital yo, ak traitman dan dijans. Anplis mèt travay la ap gen pou peye pou konsiltasyon-routin (check-up) anplwaye a ap gen pou fè chak ane kay yon dòktè prive.
17. Mèt travay ki viv nan zanviwon Nouyòk, oswa nan katye rezidansyèl Nouyòk, ki pa nan 5 gwo katye yo ap gen pou peye transpòtasyon ale-vini pou anplwaye a. Si

anplwaye a ap fè domi-leve, l ap gen pou peye ale-vini sa a, pou kote l decide pran jou konje l.

18. Anplwaye a dwe touche de senmenn vakans chak ane.
19. Anplwaye a dwe touche tou le nèf jou konje nasyonal yo. Ki vle di:
 - a) Premye Janvyè
 - b) Jou Matenlètè King Djinyò
 - c) Jou Prezidan yo
 - d) Vandredi Sen
 - e) Jou Pou Sonje (Memorial Day)
 - f) Jounen Endepandans Etazini
 - g) "Thanksgiving"
 - h) "Labor Day"
 - i) Nwèl

Si pa ka, anplwaye a ta gen pou travay yonn nan jou sa yo, l ap gen pou touche yon fwa edmi pou chak èdtan li travay. E si yon konje tonbe nan jou repo l, anplwaye a ap ka ranplase jou sa a ak on lòt jou, limenm, l a chwazi.

20. Anplwaye a dwe gen yon senmenn konje maladi pa ane.
21. Chak fwa yon mèt travay pran vakans, epi l mande pou anplwaye a ale ak li nan vakans lan, l ap gen pou peye tout frè yo nèt: transpò ak tout lòt depans, mete anwo lajan travay nòmal anplwaye a, plis travay-degi, si ta genyen. Fo mèt travay la ta avèti anplwaye a de senmenn a lavans pou vakans sa yo.
22. Si mèt travay la pran yon vakans, men l pa mande pou anplwaye a ale ak li, l ap gen pou peye anplwaye a lajan jou yo kanmenm.
23. Mèt travay la pa ka ni di, ni fòse anplwaye a pran de senmenn vakans pa l yo, lè li, mèt travay la, l ap pran vakans.
24. Ni mèt travay la, ni anplwaye a ka kraze kontra a. Pou sa l ap bezwen "préavis" pa ekri twa senmenn a lavans, oswa lajan twa senmenn sa a. Pou anplwaye k ap dòmi-leve, fò se yon mwa "préavis" pou l resevwa.
25. Si toulede moun yo dakò pou renouvle kontra a, mèt travay la pral gen pou bay yon ogmantasyon omwen 10%.

26. Si anplwaye a ta mouri nan kay la, se mèt travay la ki pou peye pou yo mennen kadav
la ak afè anplwaye a nan fanmi li, oswa kay zanmi l.

Siyati Moun K ap bay Travay la

Siyati Anplwaye a

Devan ----- kòm temwen

Siyati Temwen an

EGZANP LET KONFIMASYON

1ye Janvyè 2001

Ramy Lopez
123 Circle Dr.
New York, NY 10001

Dear Ms. Lopez:

Lèt sa a ap fè w konnen se pou tout bon n ap anplwaye w nèt-ale (full-time) pou okipe de ti-moun anbazaj pou nou; yonn 3 an, lòt la 6 zan. W ap konmanse travay 15 Janvyè, pou ennan. Senmèn travay la ap dire Lendi pou Vandredi, soti 8è pou rive 5è, ak on inèdtan repo (break). Ou pral touche \$680 pa senmèn, oswa \$17 pa èdtan. W ap touche chak Vandredi, e n ap ba w yon resi n ap siyen. Si w travay anplis n ap ba w yon fwa edmi lajan ou touche pa è a, anplis.

Ou ka chwazi dòm-leve oswa ou ka pito vwayaje chak jou. Responsablite w ap annik okipe timoun yo, ba yo dejene ak goute (lunch) ak on travay lejè nan kay la. Travay lejè n ap di a, ap gen manje pou prepare, netwaye, ak fè twalèt timoun yo kan yo bezwen sa.

W ap gen de senmèn vakans w ap touche nòmalmàn. W ap pran vakans lè ou vle, depi ou anonse n sa nan yon tan ki ka pèmèt nou fè lòt aranjman. Konje w ap touche se: Premye Janvyè, Jou Matenlètè King Djinyò, Jou Prezidan yo, Vandredi Sen, Jou Pou Sonje (Memorial Day), Jounen Endepandans Etazini, "Labor Day", "Thanksgiving", ak Jou Fèt Nwèl la. Si w travay yonn nan jou sa yo, n ap peye w yon fwa edmi. N ap peye w tou, lè fanmiy lan deplase al nan vakans, ke w vini ak nou, ke w pa vini ak nou. Si w vini ak nou nan vakans lan, n ap peye pou vwayaj ou ak tout lòt depans ki gen arevwa ak vakans lan.

W ap gen dwa 5 jou maladi, ak twa jou pou okipe koze pèsònèl ou. N ap peye 50% asirans maladi pou wou jiska \$200 pa mwa.

Nou dakò pou nou ba w avètisman omwen twa senmèn si nou p ap bezwen sèvis ou ankò, oswa n ap peye w senmèn sa yo. Nou mande w pou wou tou ou di nou sa twa senmèn davans, si w gen lide kite travay la.

Ak tout senserite,

Amanda Goodboss

LWA TRAVAY FEDERAL AK NAN ETA A

Maksimòm frè pou plasman

Frè pou plasman, yon moun k ap travay nan kay gen pou peye antou, ak tout avans lan, si ap genyen, pa dwe depase yon sèten pousantaj salè premye mwa travay li. Pousantaj la kapab:

10% si pa gen manje ak bwè

12% si gen yon repa pa jou

14% si gen 2 repa pa jou

18% si gen twa repa ki pou bay pa jou plis lojman

(Jeneral Lwa Biznis Nouyòk)

Definisyon mo Anplwaye a

Anplwaye, se nenpòt ki moun ki gen pèmisyon pou travay pou yon lòt moun, nan nenpòt pozisyon. Men lalwa pa di anplwaye si pèmisyon an se pou bay sèvis kòm "babysitter" pou moso tan (part-time). Ni si s on moun k ap viv nan menm kay ak moun nan ki bezwen sèvis la, ki gen pou sèvi *konpanyen* pou yon malad, yon moun k ap refè, oswa yon ti granmoun, men ki pa gen pou netwaye kay. (Lwa Travay NY 651.5)

Salè Minimòm

Anplwaye k ap fè travay nan kay pou plis pase 8èdtan pa senmenn dwe resevwa pou pi piti, salè Federal la, ak Eta a mande pou yo ba li a. Sa vle di konnyè \$5,15 pa è travay, jounen jodi. (Fair Labor Standard Act 29 USC, atik 206 (f) ak Lwa Travay Nouyòk, atik 652)

Overtime (degi-travay)

Pi lontan moun ka travay anvan li rantre nan overtime se 40èdtan pa senmenn pou anplwaye ki p ap dòmi-leve, 44èdtan pa senmen si l ap dòmi-leve. Dòmi leve a vle di anplwaye a rete dòmi kay moun nan ki ba l travay la. Lajan overtime lan se yon fwa edmi lajan pa è a, pou tout lè ki depase tan regilye anplwaye a dwe travay. (Lwa Travay NY, atik 160, 12 NYCRR atik 142).

Si Lè Travay la Lonje

"Yon anplwaye dwe resevwa lajan minimòm inèdtan travay, anplis lajan regilye li, pou chak jou li travay plis pase dizè; oswa si l travay an detan; oswa toulede kondisyon yo pase nan menm jou a." (12NYCCR atik 142-2.4)

Yon Jounen Repo Sou Chak Sèt Jou

"Anvan li fè moun travay yon dimanch pou li, moun k ap anplwaye a dwe kite anplwaye a chwazi yon lòt jou repo. Yon jou-repo, se yon peryòd 24èdtan san rete. Se dwa mèt travay la tou, pou fè anplwaye a konnen alavans kijou jou a ap ye. Jou-repo se jou repo, anplwaye a pa gen dwa travay, ni mèt travay pa dwe kite l travay." (NY Labor Law atik 161.3)

Tan pou Manje

"Chak moun... gen dwa omwen 30 minit pou l manje manje-midi l. Tan-pou-manje-le-midi a, kapab nenpòt kilè ant onzè e 2è apre-midi. Si yon anplwaye travay plis pase yon sizèdtan ki kontre ak tan pou manje a, ki vle di ant 11è e 2è apremidi, anplwaye a ap gen dwa pran omwen demiyèdtan pou l al manje. (Lwa Travay NY atik 162.2)

"Nenpòt ki moun ki travay pou yon peryòd, oswa orè ki konmanse anvan 11è dimaten pou depase 7èdiswa, dwe pran yon lòt tan pou l al manje ant 5 e 7èdiswa. Tan sa a pa ka pi piti ke 20 minit." (Lwa Travay NY, atik 162.3)

Kisa Ou Dwe Jwenn Nan Yon Repa

"Yon repa dwe yon bon pòsyon manje tout kalite, ki gen tout kalite vitamin ki pou ba w nannan, nourri w. Yo divize manje ki pou ba w nannan yo an 4 gwoup: *a,b,c,d*. Gwoup *a* se fwi ak legim. Gwoup *b* se sereyal ak pen oswa patat. Gwoup *c* se ze, lèt, pwason ak vyann. Gwoup *d*, se lèt, dite, ak kafè. Dejenen mèt pa gen gwoup *c* a si nan gwoup *b* a, ou jwenn ni sereyal, ni pen, ki nan gwoup *b* a yomenm." (12 NYCRR atik 142-2.21)

****Kisa Lòjman Dwe Ye**

Lòjman vle di oswa yon chanm, oswa yon kay, oswa yon apatman. Li vle di kote ou gen pou rete, ki depi w wè l, w ap mete nan tèt ou li kab pwoteje w kont dife. Depi w wè l, li mete nan tèt ou ankò menm lòt lide moun aksepte kòm bonjan chapant, kòm pwòpte pou anpeche maladi (sanitasyon). Epi li sanble ak tousa ki nan lwa Eta a, oswa Local kote w ye a, tousa ki nan kòd, regleman ak desizyon yo ki regade kote w ap viv la.

Kilè Pou Touche

Yon ouvriye manyèl dwe touche chak senmenn, e pa pita ke sèt jou apre peryòd travay la fini. Moun ki travay nan kay, nan kategori sa a. (Lwa Travay NY atik 191)

Ale Depoze Lajan

Okenn moun ki bay travay pa kapab, san l pa gen yon otorizasyon ekri, al depoze lajan anlwaye a, ke se salè, ke se lòt lajan, pou l al depoze l labank oswa nenpòt ki lòt biwo oswa òganizasyon finans." {(Lwa Travay NY USC atik 216(a)}

Konpansasyon pou Moun k ap Travay

Pou gen dwa benefis sa a, moun k ap travay nan kay dwe travay pou menm moun nan omwen 40è pa senmenn. L ap bay kontribisyon pa l, ki pou .5% lajan l touche jiska 60 kòb pa senmenn. {(Lwa sou Konpansasyon NY, atik 201(5) ak 209(3)}

Asirans Chomaj

"Pou touche fò w "ka travay, e fò w pre pou al travay". Fò w t ap travay "omwen 2 trimès nan almannak la" ane anvan an. Fò w te touche antou nan de trimès yo, yon fwa edmi lajan ou te touche nan trimès ou fè plis lajan an ki ta dwe omwen \$1600." Yon lòt jan ou ka konprann ni pi klè: fò nan yon trimès ou touche \$1600. E fò nan lòt la ou te touche omwen \$800. Ki fè antou \$2400.

RESOUS GOUVENMAN

LAJAN-TRAVAY/EDTAN

Depatman di-Travay Etazini/Divizyon Salè ak Tan

Ajennsi sa a fè respekte: dinpa, lwa sou salè minimòm ak "ovètaym"; dotrepa "Act" sou fanmiy ak Konje Maladi-Long (Sick Leave).

26 Federal Plaza, Suite 3700

New York, NY

(212) 264-8185

Divizyon Travay Jansadwa Nan Nouyòk - Divizyon Salè ak Tan

Ajennsi sa a, se eta Nouyòk la ki okipe l. Li la pou fè respekte lwa sou salè minimòm ak "ovètaym"

345Hudson Street

New York, NY 10014

(212) 352-6700

KONPANSASYON POU MOUN K AP TRAVAY

Konpansasyon pou moun k ap travay, s on asirans ki pou bay moun ki blese, ki pran chòk, oswa ki malad paske yo nan travay sa a, oswa akòz travay la.

Gen yon biwo Brooklyn, NewYork ki pou Nouyòk, Brooklyn, Queens, ak Bronx

Biwo Distrik Brooklyn

180 Livingston Street

Brooklyn, New York 11248

(718) 802 6600

Sant nan Staten Island

60 Bay Street

Staten Island, NY 10301

(718) 720 5732

ENPO/TAKS/INKONM TAKS

Edikasyon Moun k ap Peye Taks ak Pwogram pou Volontè Ede

Se la moun ki pa fè anpil kòb, moun ki pa ka al travay paske yo malad, moun ki pa konn pale angle, ak ti-granmoun, ka ale pou yo jwenn moun ede yo prepare taks yo.

Kontakte Koòdonatè Enfòmasyon pou Taks la

Manhattan: (212) 436-1021

Brooklyn: (718) 488-3655

Service pou ede kliyan: 1-800-829-1040

REKLAMASYON ASIRANS CHOMAJ

Se nan telefòn pou reklame asirans chomaj, sòf si se Chinwa ou pale

Pou depoze yon reklamasyon, rele 1-888-209-8124, ant 8è30 dimaten e 4è30 nan apre midi, Lendi pou Vandredi. (Wap jwenn sèvis an Angle, ak an Panyòl)

Si se chinwa ou pale, ou ka ale oumenm nan de biwo sa yo. Ou pa bezwen randevou.

Queens

Long Island City

25-01 Queens-Plaza North

Long Island City, NY 11101

Telephone: (718) 706-5590

Brooklyn

Schermerhorn Street

250 Schermerhorn St. Brookln, NY. 11201

Telephone: (718) 780 9201

RESOUS KOMINOTE

Oganizasyon Ki Nan Kominote Yo

Andolan (k ap òganize travayè ki soti nan azi Sidès la; OSAW)

P.O. Box 2087

Astoria NY 11102

(718) 390-7264

Lang: Bengali, Hindi, Urdu

CAAAV

Kalayaan at Pagkakaisa ng mga
Manggagawang Pilipina
Women Workers Project
2473 Valentine Ave.
Bronx, NY 10458
(718) 220-7391 xt. 12

E-mail justice@caaav.org

NYC Domestic Workers United

c/o CAAAV
2473 Valentine Ave.
Bronx, NY 10458
(718) 220-7391 xt. 11

Lang: Khmer, Vyetnamyen, Tagalog, Panyòl,
Koreyen, Mandarin, Fujiyaniz

Filipino Workers Center

122 West 27th Street, 10th floor
New York, NY 10001
(212) 741-6806

e-mail filipinoworker@aol.com

Lang Tagalog

Workers Awaaz

P.O. Box 471
Jackson Heights, NY 11372
(718) 707b 9432

E-mail workersawaaz@yahoo.com

Lang: Bengali, Hindi, Urdu, Punjabi

Workplace Project

91 North Franklin Street, Suite 207
Hempstead, NY 11550
(516-565-5377)

Lang: Panyòl

ASISTANS LEGAL AK REPREZANTASYON

Asian American Legal Defense And Education Fund

99 Hudson Street, 12th Fl

New York, NY 10013

(212) 966-5032

Lang: Mandarin, Cantonese, Bengali

Tagalog

National Employment Law Project (NELP)

55 John Street

New York, NY 10038

(212) 285-3025 ext.113

Lang: Panyòl

Brooklyn Low Income

Taxpayer Clinic (BLITC)

Bay konsèy legal san peye

pou moun Brooklyn

ki pa touche gwo kòb,

epi ki nan diskisyon ak IRS

oswa State Department of Taxation

105 Court Street

Brooklyn, NY 11201

(718) 237-5528

Lang: Panyòl, Chinwa, Ris, ak Kreyòl

Women's Rights at Work

Kote yo manche plent pou moun k
ap ankikinen moun nan travay.

G on telefòn gratis pou rele. Se

1-888-WRW-PROJ oswa

1-888-979 7765

88 3rd Avenue, 4th floor

Brooklyn, NY 11217

(718) 694-8290 ext.42

Lang: Panyòl

Fordham University

School of Law Tax Clinic

Bay konsèy legal san peye

pou moun ki pa touche gwo kòb,

epi ki nan diskisyon ak IRS.

Lincoln Square Legal Services, Inc

33 West 60th Street, 3rd floor

New York NY 10023

(212) 636-7353